



Pou Piblikasyon Imedya: 03/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DISPONIBLITE 3 MILYON DOLA KÒM SIBVANSYON POU TI BIZNIS NAN LÈS BUFFALO

Sibvansyon 5,000 dola rive 50,000 dola yo pral disponib nan 3 fevriye pou ti biznis yo nan zòn yo deziyen nan Lès Buffalo apre asasina an mas poutèt zafè ras nan mwa me 2022

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke aplikasyon yo pral disponib pou Pwogram Sibvansyon Fon Woulman pou Ti Biznis nan Lès Buffalo apati 3 fevriye jiska 17 fevriye. Pwogram 3 milyon dola a pral bay sibvansyon 5,000 dola rive 50,000 dola pou ti biznis ki kalifye yo nan yon zòn yo deziyen nan Lès Buffalo pou ede etablisman pifò minorite yo posede reprann yo apre enpak sosyal ak ekonomik fiziyad an mas la nan yon Tops Friendly Market nan Jefferson Avenue nan kòmansman ane pase a. Kòporasyon Sipò pou Inisyativ Lokal (Local Initiatives Support Corporation, LISC) la - New York pral administre pwogram lan nan non Empire State Development. Biznis ki kalifye yo ka soumèt aplikasyon davans yo [isit la](#). Pou w jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan, sa gen ladan kalifikasyon ak Kesyon yo Poze Souvan (FAQ), klike [isit la](#).

"Pwogram Sibvansyon Fon Woulman pou Ti Biznis nan Lès Buffalo a se dènye etap nan angajman alontèm Eta a pou ede kominote sa a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Kòm yon moun ki fèt ak leve nan Lwès New York, mwen te temwen dirèk fòs, rezistans ak pasyon ki travèse kominote sa a. Kounye a, n ap adrese mank investisman ak neglijan atravè pwogram tankou Pwogram Sibvansyon Fon Woulman pou Ti Biznis yo pou ede biznis pifò minorite posede yo nan Lès Buffalo kontinye sèvi rezidan yo ak trase yon nouvo chemen pou ekonomi rejyon an".

Direktè Egzekitif Prensipal LISC NY, Valerie White, te deklare, "Fondasyon tout inisyativ LISC NY yo konsantre sou prensip investisman konsyan ak efikas nan pwogram kominote yo kote Nouyòk yo gen plis bezwen. Laterè lokal ak ijans klimatik grav ak kontinyèl te afekte Lès Buffalo patikilyèman. Investisman konsiderab sa a nan popilasyon ak ekonomi lokal Lès Buffalo a, NY pral benefisye dirèkteman ti biznis lokal yo ki deja gen yon enpak konsantre nan kominote a. Nou felisite Gouvènè Hochul paske li rekonèt bezwen plizyè kalite ti biznis inik pou rejyon yo nan eta a epi sila yo ki nan koridò komèsyal yo nan Lès Buffalo. Nou pa ka tann pou nou travay bò kote Empire State Development pou administre pwogram sibvansyon fondamantal pou popilasyon

Lès Buffalo, ranfòse poto mitan kominote detèmine sa - ranfòse ak devlope rejyon selèb pou plizyè jenerasyon alavni".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Zak terib pase yo nan mwa me pase a p ap defini kominote Lès Buffalo a, ni minimize fòs ak lespri yo. Avèk 3 milyon dola nan sibvansyon fon woulman ki sible a pou ede ti biznis ki kalifye yo kouvri depans operasyon yo, Eta New York ap pran lòt mezi pou asire antrepriz pifò minorite yo posede nan rejyon an gen sipò yo bezwen pou yo sèvi kominote a".

Zòn pwogram Lès Buffalo a delimite pa lari/otowout sa yo: NYS Route 33, NY Route 198, Main Street, North Street, Michigan Avenue ak Goodell Street. Gade kat zòn ki kalifye yo [isit la](#). Sibvansyon yo pral disponib sou baz vant anyèl brit jistifye biznis ki kalifye yo.

De òganizasyon patnè LISC yo, The Exchange at Beverly Gray, ak The Foundry, ap bay asistans pou aplikasyon sou plas pou pwopriyetè biznis ki bezwen yo. Si biznis yo bezwen asistans pou yo eskane dokiman, jwenn aksè nan yon òdinatè oswa ranpli dokimantasyon, yo ka vizite The Exchange oswa The Foundry nan lè biwo a pou yo ka jwenn asistans pou aplikasyon nan sibvansyon:

1. ***The Exchange at Beverly Gray***
334 E. Utica Street, Buffalo, NY 14208
Madi ak mèkredi 10 a.m. - 1 p.m.
Jedi 1-4 p.m.
2. ***The Foundry***
298 Northampton Street, Buffalo, NY 14208
Lendi 6 - 9 p.m.
Samdi 9 a.m. - 1 p.m.

Si sa nesèsè, sèvis tradiksyon yo pou aplikasyon an pral disponib tou atravè Enstiti Entènasyonal (International Institute) la.

Gen yon sesyon enfòmasyon pou piblik la ki pral fèt nan Sant Fòmasyon pou Travay Buffalo a nan madi 7 fevriye soti 10:00 am rive 12:00 pm nan 77 Goodell Street. Gen yon konferans an liy ki pral fèt nan 9 fevriye a 5:30 pm, se Beverly Gray k ap òganize li. Pou jwenn plis enfòmasyon sou konferans an liy ak enskripsyon, klike [isit la](#).

Nan kad anons Juneteenth (fèt 19 jen) li an repons a asasina an mas 10 moun poutèt zafè ras nan yon Tops Friendly Markets nan distri biznis Jefferson Avenue nan Lès Buffalo ki te fèt 14 me 2022, Gouvènè Hochul te angaje l pou l fè 50 milyon dola nan investisman kominotè nan lojman, biznis, ak lòt kalite sekou ki disponib. Pwogram Sibvansyon Fon Woulman Ti Biznis nan Lès Buffalo se yon pati nan investisman sa a.

Lòt investisman ki soti nan anons sa a gen ladan yon gwo inisyativ pou jwenn manje nan kominote a ki enplike asistans pou yon nouvo pwojè koperativ alimantè eritaj afriken (African Heritage Food Co-op) ak agrandi sèvis transpò gratis pou rezidan ki toupre Tops pou opsyon manje adisyonèl; pwogram asistans pou fasad/kapital pou ti biznis nan distri biznis Lès Buffalo yo; sipò pou efò nan fòmasyon travay tankou nouvo biwo Devlopman Karyè Goodskills Goodwill yo nan Jefferson Avenue; ak plizyè dizèn milyon pou prevansyon sezi, asistans reparasyon kay, ak aksè nan kapital pou moun k ap achte kay pou premye fwa.

Tout sa yo se anplis angajman Gouvènè Hochul nan Lès Buffalo nan kad Patenarya Revitalizasyon Rejyonal la te anonse prentan ane pase avèk patnè filantwopik lokal yo ak Vil Buffalo, k ap bay yon investisman konbine 180 milyon dola nan Lès Buffalo pou sipò ti biznis ak pwojè kle tankou revitalize Mache Broadway la ak restore resous istorik anblematik tankou Buffalo Central Terminal, Koridò Eritaj Afriken Ameriken Michigan Street (Michigan Street African American Heritage Corridor) ak Pak MLK.

LISC-NY te etabli an 1980 epi li se chapit New York pou yon òganizasyon nasyonal san bi likratif ki ekipe kominote ki pa jwenn ase investisman avèk kapital, estrateji, ak konesans pou yo vin lokal kote Ameriken ki gen revni ba ak modere ka pwospere.

Senatè Eta Tim Kennedy te deklare, "Aprè fiziyad an mas sou Jefferson, nou te temwen pouvwa kominote a, ak sa nou ka akonpli lè nou reyini ansanm. Kounye a, nou bezwen kominote sa a rasanble ansanm yon lòt fwa ankò pou asire ti biznis sa yo konnen èd sa a disponib. Sèl fason nou ka jwenn èd eta enpòtan 3 milyon dola sa a nan men pwopriyetè ti biznis ki vrèman bezwen li se lè nou asire yo konnen li egziste dabò. Biwo mwen an pare pou ede moun yo navige nan pwosesis aplikasyon an pou yo ka jwenn asistans yo bezwen pou yo rete anrasinen nan kominote nou an".

Lidè Majorite nan Asanble a Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Mwen aplodi Gouvènè Hochul paske li te fè pawòl li tounen aksyon pou 3 milyon dola nan asistans ti biznis Kòt Lès ki alantou koridò Jefferson la. Biznis yo nan zòn nan te soufri akòz COVID, yon fiziyad an mas trajik, ak yon tanpèt nan jenerasyon an ki te lakòz gwo domaj sou pwopriyete. Moun, ti biznis ak katye yo defini kominote yo. Kominote nou yo gen bezwen konsiderab epi sa pral mande efò kolektif kontinyèl nan men ajans tankou Empire State Development pou kite yon enpak pozitif, nou apresye patenarya ou a".

Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare, "Ti biznis se poto mitan sektè ekonomik nou an, epi Pwogram Sibvansyon Fon Woulman pou Ti Biznis nan Lès Buffalo a pral ede pwopriyetè ti biznis yo nan Buffalo rebondi apre fiziyad an mas ane pase a. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou enterè kontinyèl li pou ede kominote nou an".

Majistra Vil Buffalo Byron W. Brown te deklare, "Fiziyad rasyal an mas 14 me a te afekte dirèkteman ti biznis yo nan zòn sa a. Lajan sibvansyon sa yo pral kontribiye anpil nan ede etablisman sa yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul pou sipò li kontinye bay Lès Buffalo, ak tout kominote nou an".

Enfòmasyon sou LISC NYC

LISC NYC se biwo prensipal Vil New York pou Kòporasyon Sipò Inisyativ Lokal (LISC). LISC NYC sipòte patnè lokal yo ki gen sèvis ak pwogram ki vize kreye yon Vil New York ki pi ekitab, enklizif ak dirab. Depi 1980, LISC NYC te investi plis pase 3.1 milya dola epi li te ogmante yon lòt 7.6 milya dola pou sipòte kominote ki gen revni ba yo. Estrateji investisman LISC NYC gide pa yon kwayans ke lè a rive pou nou fòje yon avni pou Vil New York ki elimine diferans nan richès rasyal pou toutbon, pwoteje lojman abòdab, epi trase chemen opòtinite ekonomik ki fè sans pou tout Nouyòkè yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)